



Oktòb

# Mwa konsyantizasyon sou sibèsekirite Pwoteje tèt ou!

## 1. Pran prekosyon pou imèl pyèj eskwokri (Phishing)

Phishing se lè kriminèl sou entènèt eseye volè enfòmasyon w avèk imèl fo. Yo pran pòz yo se yon lòt moun epi yo vle ou klike sou lyen ki danjere. Si yon imèl sanble etranj, fè atansyon, tcheke ki moun ki voye li ak si imèl yo matche avèk moun yo di yo ye a.

## 2. Itilize otantifikasyon milti-faktè (MFA)

Mete yon kouch pwoteksyon anplis kont pirat lè w konekte avèk MFA. Se tankou yon tèks ki gen yon kòd sekre ki ekspire apre yon sèl itilizasyon.

## 3. Itilize yon mo-pas ki solid oswa yon fraz-pas

Pa itilize menm mo-pas la tout kote! Itilize lèt, chif, ak senbòl.  
Lè mo-pas la pi long, li pi bon, epi li bon tou pou itilize fraz-pas.

## 4. Kenbe lojisye ou ajou

Sa diminye risk pou konpitè w enfekte avèk lojisye pirat enstale ki ka volè enfòmasyon w epi pwopaje viris nan konpitè w.

## 5. Rete vijilan, rete ansekirite nan medya sosyal!

Lè w pataje enfòmasyon pèsònèl, tankou tout dat nesans ou, adrès lakay ou, oswa kote ou ye a, yo ka itilize yo pou vòl idantite ou entimidasyon.

## 6. Pwoteje tèt ou - sèvi avèk Wi-Fi ki ansekirite

Rezo piblik pa gen sekirite. Yon moun ka wè sa w ap fè sou entènèt, rive menm konekte nan imèl ou ak kont labank ou.

Eskane la a pou jwenn plis  
enfòmasyon

